



Pou Piblikasyon Imedya: 26/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON JOHN KAGIA KÒM DIREKTÈ EGZEKITIF PA ENTERIM POU BIWO JESTYON KANABIS LA**

***Mesye Kagia pral sèvi kòm Direktè Egzekitif par enterim jiskaske Sena Eta a konfime li***

Gouvènè Kathy Hochul te nonmen John Kagia jodi a pou sèvi kòm Direktè Egzekitif pa enterim pou Biwo Jesyon Cannabis (Office of Cannabis Management, OCM) la. Mesye Kagia pral sèvi kòm Direktè pa enterim jiskaske Sena Eta a konfime li.

"John Kagia gen plizyè ane eksperyans nan sektè piblik la ak prive a epi li pral kapab dirije OCM a avèk efikasite, pandan l ap bay sèvis pou Nouyòk yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mesye Kagia reprezante sa sa vle di sèvi lòt moun, epi mwen gen konfyans ke li pral kontinye itilize talan li yo pou amelyore endistri kanabis nou an ki jis la epi ki vo plizyè milya dola."

**Direktè Egzekitif Pa Enterim Biwo Jesyon Kanabis la, John Kagia, te deklare,** "Se yon privilèj ekstrawòdinè pou m dirije pwogram sa a nan moman enpòtan sa a pou endistri kanabis nou an. Nouyòk bati mache kanabis ki pi enteresan, ekitab, inovan, e ki rich an opòtinite nan mond lan, e mwen anvi travay avèk Gouvènè a, anplwaye enkwayab nan Biwo a, epi avèk tout moun ki gen enterè nan domèn nan pou kontinye devlope endistri nou an."

Gouvènè Hochul nonmen John Kagia kòm Direktè Egzekitif pa enterim OCM lan. Mesye Kagia te sèvi kòm Direktè Politik nan OCM kote li te dirije ekip ki responsab pou elaborasyon ak aplikasyon règleman pou pwogram medikal, itilizasyon pou granmoun, ak pwogram chanv kanabinoyid, epi li te jere devlopman sistèm rechèch nan Nouyòk. Depi lè li te rantre nan endistri kanabis la an 2014, John Kagia te yon analis pyonye nan endistri a k ap fè rechèch inovan sou mache mondyal emèjan yo, investisman ak fliks kapital, tandans chèn apwovizyonman, inovasyon pwodwi ak konpòtman konsomatè k ap evolye. Li travay avèk responsab politik yo, investisè yo ak pwopriyetè biznis yo pou pwofite opòtinite emèjan yo, pwoteje kont risk, epi predi tandans ki defini mache a. Anvan Mesye Kagia te rantre nan endistri kanabis la, li te pase yon deseni ap bay etid mache ak entelijans estratejik bay òganizasyon ki gen gwo pèfòmans atravè gouvènman federal la, sektè teknoloji ak sektè san bi likratif la.

**Direktè Egzekitif Adjwen Biwo Jesyon Kanabis la, Susan Filburn, te deklare,** "John konsakre plizyè ane ap sèvi OCM ak endistri kanabis la. Li pote yon konesans pwofon nan enstitisyon yo, yon lidèchip solid, ak respè kòlèg li yo nan tout nivo nan wòl sa a. Mwen gen anpil konfyans nan kapasite li pou gide ajans lan pi devan epi pou kontinye akonpli misyon nou pou kominote n ap sèvi yo. Mwen pa ka tann pou m sipòte John epi wè Biwo a pwospere anba lidèchip li."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)